



Kijan Mwen Ka Aplike Pou Yon Prè?

Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou aplikasyon
voye yon lèt ba:

**Equipment Loan
Fund for the Disabled
New York State Office
of Children & Family Services
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144
Telefòn:
(518) 474-0197**

**Ale sou sitwèb nou:
[www.ocfs.state.ny.us/
main/cbvh](http://www.ocfs.state.ny.us/main/cbvh)**

New York State Office of Children & Family Services (Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York)

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144

Ale nan sitwèb nou:
www.ocfs.state.ny.us

Pou jwenn enfòmasyon sou gadri timoun,
fanmi plasman ak adopsyon, rele:
1-800-345-KIDS (5437)

Pou rapòte abi ak neglijan sou
timoun, rele:
1-800-342-3720

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Abandoned
Infant Protection Act (Lwa sou pwoteksyon
timoun abandone), rele:
1-866-505-SAFE (7233)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis pou
moun avèg, rele:
1-866-871-3000
1-866-871-6000 (TDD)

*...ankouraje byennèt ak sekirite timoun
nou, fanmi nou, ak kominote nou yo. ..."*



Eta New York

Dapre Americans with Disabilities Act (Lwa anfavè
Ameriken Andikape), New York State Office of Chil-
dren and Family Services (Biwo Eta New York pou
Sèvis Timoun ak Fanmi) pral fè materyèl sa a
disponib an gwo karaktè oswa sou kasèt odyo lè yo
mande sa.

Pub. 1407 (Rev. 01/05)



New York State
Office of
Children & Family
Services

Fon Prè pou Ekipman pou Moun Andikape

Èske w andikape?

Èske w bezwen ekipman
espesyal?

Fon Prè pou Ekipman pou Moun Andikape

Fon Prè pou Ekipman pou Moun Andikape nan New York State Office of Children & Family Services (Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York) ka ede w achte ekipman ki pral amelyore kalite aktivite toulejou yo.



Kimoun ki ka jwenn yon prè?

Andikape ki abite nan Eta New York yo kalifye. Yo prete lajan an swa dirèkteman ba moun andikape a oswa ba yon lòt moun ki responsab moun lan.

Ki kalite andikap ki fè moun kalifye?

Moun ki gen divès kalite andikap mantal oswa fizik kapab kalifye dapre pwogram sa a. Yon doktè ki gen lisans nan Eta New York dwe sètifye ke moun lan andikape.

Ki ekipman ki garanti?

Se ekipman ki ede moun andikape a metrize baryè nan aktivite toulejou yo ki kouvri. Men kèk egzanp: chèz woulant, aparèy pou monte chèz woulant nan machin, ranp, aparèy kominikasyon pou moun soud ak moun ki gen pwoblèm pou tandè, aparèy pwotèz, ak aparèy ki pèmèt moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon konprann dokiman ki enprime.

Lis sa a pa gen tout ekipman yo ladan, gen lòt ekipman yo kapab konsidere.

Kijan yo apwouve aplikasyon?

Yon Komite pou prè ki gen ladan reprezantan divès ajans leta ki okipe zafè moun andikape egzaminen aplikasyon yo.

Ki kondisyon prè a?

- Prè minimòm \$500.
- Prè maksimòm \$4000.
- Peryòd ranbousman an se 2 a 8 ane, sadepan montan prè a, dapre desizyon moun ki prete a.
- To enterè a kounye a fikse a 4 pousan pa ane.

Fon Prè pou Ekipman pou Moun Andikape a se yon pwogram prè pou ede andikape ki abite nan New York jwenn ekipman espesyal endispansab ke yo pa ta kapab peye otreman.